



Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Plan Angajman Paran ak Fanmi Tit I

YON PATENARYA POU SIKSÈ

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la deside pou l angaje fanmi ak kominote a kòm patnè egal pou kontribye nan yon edikasyon nivo entènasyonal, ak ekselans, ak jistis, pou ede chak elèv atenn maksimòm potansyèl li .

Chak ane Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la revize plan li pou sipòte lekòl Tit I ak fanmi yo nan tabli bon jan patenarya k ap ede elèv yo reyisi lekòl.

Pwen kle nan Plan Distri a pou Angajman Paran ak Fanmi pou ane 2025-2026 lan enkli nan bilten sa a.

Plan an okonplè disponib pou moun wè sit entènèt Distri a lè yo klike sou [Students & Parents](#) ak paj [Federal and State Programs](#).

KISA ANGAJMAN FANMI VLE DI?

Angajman fanmi nan lekòl se patenarya ant fanmi ak pèsònèl lekòl yo k ap travay ansanm pou ede elèv gen siksè. Sa enkli, fè sèten:

- Lekòl yo rekonèt epi apresye wòl enpòtan fanmi jwe nan ede yon timoun aprann lakay li,
- Nou ankouraje epi ede fanmi yo, yon fason pou yo angaje aktivman nan edikasyon pitit yo, epi
- Fanmi yo se bon jan patnè epi yo enkli nan pran desizyon.



SIPÈENTANDAN AK KOMITE DIRIJAN

Michael J. Burke
Sipèentandan

Karen Brill
Prezidan Komite a

Marcia Andrews,
Vis Prezidan Komite a

Gloria Branch

Edwin Ferguson, avoka.

Matthew Jay Lane, avoka.

Virginia Savietto

Erica Whitfield

Distri Lekòl Rejyon
Palm Beach

3300 Forest Hill Boulevard
West Palm Beach, FL 33406

(561) 434-8000

KISA SA VLE DI POU YON LEKÒL TIT I?

Lekòl Tit I yo resevwa fon federal adisyonèl pou ofri program siplemantè pou sipòte bezwen edikatif elèv, tabli bon jan sipò pou fanmi, epi fè sèten pwofesè resevwa fòmasyon sou trening pedagogik ki efikas.

Pou plis enfòmasyon sou kisa Tit I vle di nan lekòl pitit ou a, tanpri, rele reprezantan Tit I lekòl la, oswa rele Depatman *Federal and State Programs* nan Distri (561) 434-8017.



SIPÒ YO KOWÒDONE

Lekòl Tit I resevwa sipò ki soti nan anpil lòt depatman Distri a pou ede angajman fanmi. Lekòl yo kowòdone pwogram avèk:

- ◇ Early Childhood Education
- ◇ Ansèyman ak Aprantisaj
- ◇ Edikasyon Migran
- ◇ Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (ESE)
- ◇ *Safe Schools*
- ◇ Sèvis Sipò
- ◇ *Multicultural Education*
- ◇ Edikasyon pou Sanzabri
- ◇ Kominikasyon ak Angajman

ANKOURAJE ANGAJMAN FANMI

Lekòl Tit I yo ofri fanmi opòtinite pou fè tande vwa yo epi pou kontribye nan pwosesis pran desizyon konsènan edikasyon pitit yo ak pwogram lekòl yo.

Lekòl Tit I yo fè sèten fanmi santi yo byenveni, enkli, epi kapab patisipe nan konferans, reyinyon lekòl yo, semèn, atelye fòmasyon oswa trening, ak lòt aktivite pou fanmi, lè yo:

- voye avi sou dat ak lè reyinyon yo atan;
- ofri dat ak lè ki fleksib;
- ofri reyinyon vityèl oswa pa telefòn;
- fè aranjman pou pwoblèm fizik (egzanp enkli ekipman odyo, materyèl enprime, pakin pou moun ki andikape);
- bay gadri pou timoun nan trening pou paran (kontakte lekòl pitit ou a pou konnen si yo ofri sa nan lekòl la);
- bay sèvis tradiksyon an panyòl, kreyòl ak pòtigè, ak
- rekonèt epi selebre fanmi ki fòme kominote lekòl la.

KIJAN DISTRI A SIPÒTE ANGAJMAN FANMI NAN LEKÒL TIT I YO

Distri a travay an kolaborasyon avèk lekòl yo pou ofri fòmasyon pou pwofesè, administratè lekòl ak estaf la, yon fason pou yo menm tou, kapab kreye bon jan pwogram pou Angajman Fanmi nan lekòl yo. Egzanp efò Distri ak lekòl yo ap fè nan angajman fanmi ki vize bati bon jan pwogram, pibliye anba la a.

- Reyinyon pou opinyon pati enterese yo, pou revize epi ekri Plan Lekòl la, Bidjè Angajman Fanmi, Plan Angajman Paran ak Fanmi ak Kontra Paran Lekòl la
- Reyinyon sou Evalyasyon Bezwen, ak fanmi yo, pèsonèl lekòl la, ak kominote a pou diskite sou done ak plan pwogram pou ede elèv yo
- Reyinyon Komite Konsèy Lekòl ak Asosyasyon Paran Pwofesè
- Responsab Angajman Fanmi nan nivo lekòl yo
- Sant Resous pou Paran nan sèten lekòl
- Reyinyon Anyèl Tit I nan tout lekòl Tit I yo
- Asistans teknik ak fòmasyon pou reprezantan Tit I ak kontak Angajman Fanmi, enkli kòman pou òganize evènman angajman fanmi sou entènèt
- Patenarya ak fanmi, biznis, ak kominote, ki favorize fanmi lekòl la
- Fòmasyon pou estaf ki sipòte estrateji ak Pratik nan angajman fanmi, ki sipòte rannman elèv, ki baze sou rechèch
- Patenarya avèk lòt depatman pou òganize fòmasyon pou fanmi, ki bay zouti pou ede aprantisaj lakay ak bay enfòmasyon sou tès elèv genyen pou yo pran nan chak klas
- Resous ak materyèl pou sipòte preparasyon pou jadendanfan
- Sit entènèt Tit I pou lekòl ki genyen resous resan pou sipòte inisiyativ angajman fanmi